



Kesyon pou Poze Ekip Swen Sante Ou Konsènan Kansè Po

Lè w ap reflechi sou kansè oswa si doktè fè ou konnen ou gen kansè sa kapab fè ou gen laperèz. Pifò moun gen anpil kesyon men yo ka pa byen konnen fason pou poze yo. Men kèk kesyon ou ta vle poze doktè ou oswa enfimyè ou konsènan kansè po. Se pa tout kesyon sa yo ki pral aplike pou ou, men yo kapab ede ou kòmanse.

Kesyon pou poze sou risk ou pou kansè po

- Ki faktè risk ki genyen pou kansè po?
- Èske gen nenpòt faktè risk mwen ta dwe
- gen enkyetid pou yo?
- Kisa mwen kapab fè pou ede redui risk mwen pou gen kansè po?
- Kijan pou mwen fè yon tchèk po lakay mwen? Epi konbyen fwa mwen ta dwe fè sa?
- Kisa mwen ta dwe ap chèche lè m ap fè yon tchèk po?
- Kisa mwen ta dwe fè si mwen jwenn yon bagay nouvo oswa si mwen jwenn yon bagay ki chanje sou po mwen?
- Konbyen fwa mwen bezwen tcheke po mwen?

Kesyon pou poze si doktè dekouvri ou gen kansè po

- Èske ou ta ka ekri kalite egzat kansè po mwen genyen tanpri?
- Èske nou te dekouvri kansè sa a bonè?
- Èske kansè a grandi fon nan po a oswa èske li simaye?
- Èske ou konnen etap kansè a?
- Si ou pa konnen, kijan epi kilè ou pral chèche konnen etap kansè a?
- Èske ou ta ka eksplike mwen sa etap la vle di?
- Kisa k ap pase answit?

Kesyon pou poze lè w ap pran desizyon sou yon tretman

- Èske mwen pral bezwen fè nenpòt lòt tès anvan mwen kapab deside sou tretman an?
- Èske m ap bezwen wè nenpòt lòt doktè?
- Ki tretman ou panse ki pi bon pou mwen?
- Kisa objektif tretman sa a ye? Èske ou panse tretman an kapab geri kansè a?
- Kijan tretman an pral ye? Ki kote tretman an pral fèt? Konbyen tan tretman an pral pran?
- Ki kantite lajan tretman an pral koute? Èske asirans mwen pral kouvri tretman an?
- Èske l ap BON si ou retire kansè a sèlman san lòt tretman?
- Ki efè segondè mwen kapab genyen nan tretman sa yo?
- Èske mwen pral gen sikatris? Avèk kisa li pral sanble?
- Èske gen yon esè klinik ki ta ka bon pou mwen?
- Kisa ou panse osijè vitamin espesyal oswa rejim alimantè zanmi yo te di mwen? Kijan mwen pral konnen si yo san danje?
- Nan konbyen tan m ap bezwen kòmanse swiv tretman an?
- Kisa mwen ta dwe fè pou mwen pare pou tretman an?
- Èske gen nenpòt bagay mwen kapab fè pou ede tretman an travay pi byen?
- Kisa pwochen etap la ye?



Kesyon pou poze apre ou fini avèk tretman an

- Ki chans pou kansè po a pral retounen sou mwen? Kisa mwen ta dwe fè si sa rive?
- Ki chans mwen genyen pou mwen gen kansè po ankò? Kisa mwen ta dwe siveye?
- Ki prekosyon espesyal mwen ta dwe pran? Kijan mwen ta dwe fè sa?
- Ki filtè solèy ou rekòmande pou mwen?
- Èske manm fanmi mwen yo arisk pou kansè po? Kisa mwen ta dwe mande yo pou yo fè?
- Konbyen fwa mwen ta dwe fè tchekòp pou siveye lòt kansè po?
- Èske mwen pral bezwen fè lòt tès epi konbyen fwa m ap bezwen yo?

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb [cancer.org/skincancer](https://www.cancer.org/skincancer) oswa rele liy dirèk nou 24 èdtan pa jou ak 7 jou pa semèn nan nimewo **1-800-227-2345**.

